



# Miami-Dade County Public Schools

*giving our students the world*

**Superintendent of Schools**  
Alberto M. Carvalho

**Miami-Dade County School Board**  
Perla Tabares Hantman, Chair  
Dr. Steve Gallon III, Vice Chair  
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall  
Susie V. Castillo  
Dr. Lawrence S. Feldman  
Dr. Martin Karp  
Dr. Lubby Navarro  
Dr. Marta Pérez  
Mari Tere Rojas

October 23, 2020

Chè Paran/Gadyen:

Ane sa a lekòl nou an pral resevwa fon federal espesyal, ki pral sèvi anplis fon Eta ak lokal regilye nou an, pou amelyore pwogram edikasyonèl pou tout elèv nan lekòl nou an. Fon federal sa a pral pèmèt nou enplemanste Pwogram "Title I" Atravè Tout Lekòl ki Title I.

Pwogram Title I Atravè Tout Lekòl ki Title I pral pèmèt nou ofri enstriksyon siplemantè nan domèn Lekti/Redaksyon, Matematik, Syans e/oubyen Etid Sosyal pou elèv nou yo sou baz bi enstriksyonèl ki etabli nan "School Improvement Plan (SIP)" (Plan Amelyorasyon Lekòl) nou an. Anplwaye Lekol yo avèk paran yo ki te devlope plan sa. An jeneral, fon federal sa a ka itilize pou bay yon seri sèvis enpòtan, tankou ajoute sou pèsònèl enstriksyonèl la; abilite pou ashtè materyèl enstriksyonèl e/oubyen ekipman adisyonèl; abilite pou sipòte salklas regilye avèk enstriksyon sou òdinatè; fòmasyon espesyal pou paran e fanmi, e/oubyen anplwaye; e ofri aktivite adisyonèl ki motive e enterese elèv nou yo anpil, ak sèvis edikasyonèl ki pa esansyèl Distri a ap ofri.

Nou ankouraje w pou jwe yon wòl aktif nan planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè Tout Lekòl la. Nou envite w pou ale nan Reyinyon Anyèl Title I pou Paran nou an; vizite nou pou obsève aktivite pwogram yo; e pou w vin pi enplike nan siksè akademik pitit ou a. Nou vle w konnen opòtinite pou paran ak fanmi pran angajman yo e bay konsèy ap ogmante atravè patisipasyon ou nan reyinyon "Title I District Advisory Council (DAC)" (Komite Konsèy Title I Distri) a ak "Regional Center's Parent Advisory Council (PAC)" (Komite Konsèy Sant Rejyonal Paran) yo; nou ofri atelye ak aktivite chak semèn nan "Neighborhood Resource Center (NRC)" (Sant Resous Katye) Administrasyon Title I, ak reyinyon e atelye pou paran ak fanmi nan lekòl la.

Nou espere pou paran nou yo travay ansanm avèk anplwaye lekòl nou yo nan evalyasyon ak re-planifikasyon anyèl sou efikasite Akò Lekòl-Paran ak "School-Level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Angajman Paran ak Fanmi nan Nivo Lekòl) Title I nan lekòl nou an. Yon fwa nou fini, n ap mete dokiman sa yo disponib nan Sant/Espas Resous Paran lekòl la, Direksyon an e atravè sit Entènèt lekòl la. Nou ap mete plan nou yo ajou regilyèman pou asire yo reflekte bezwen espesifik elèv nou yo. Anplis, ou ka jwenn Gid Administrasyon Title I nan, sou Entènèt nan <http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/135.pdf>.

Mwen vle w konnen biwo mwen an ak "Community Involvement Specialist (CIS)" (Espesyalis Patisipasyon Kominotè) an/"Community Liaison Specialist (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè) a, oubyen moun ki la pou kontakte paran yo nan lekòl nou an, se resous pou jwenn dènye nouvèl sou "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Chak Timoun Dwe Reyisi) a e pou w resevwa enfòmasyon sa yo sou "*Dwa pou Konnen*" nivo siksè pitit ou a nan chak evalyasyon akademik Eta a; kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè e/oubyen parapwofesyonèl salklas pitit ou a; si yo asiye pitit ou a oubyen si pitit ou a ap resevwa ansèyman nan men yon pwofesè ki pa satisfè demand sètifikasyon pou kat oubyen sis semèn konsekitif; done sou pèfòmans lekòl la; Pwosedi pou Konsiltation ak pou Pote Plent nan Distri Lekòl la, PFEP Title I nan Nivo Distri Lekòl la, PFEP Title I nan Nivo Lekòl la, SIP a, ak Akò Lekòl-Paran an.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan enstriksyon pitit ou a ap resevwa nan lekòl nou an oubyen sou Pwogram Title I Atravè Tout Lekòl la, silvoulè kontakte m nan **(305) 270-8699**.

Sensèman,

*Ora R. Whitehead*  
Direktè (tris)